



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 2 MILYON DOLA FINANSMAN POU EDE FÈM NEW YORK YO REPONN A ENPAK CHANJMAN KLIMATIK YO**

***Prim yo pral Ede plis pase 30 Fèm Diminye Enpak Anviwonmantal yo epi pi Byen Prepare yo ak Rekipere yo Apre Evènman Move Tan Ekstrèm yo***

***Y ap Sipòte Efò Pwoteksyon Anviwonmantal yo te Anonse Eta ap fè Pandan Semèn Latè a***

***Bidjè Eta 2018-19 la Gen Ladan Finansman Adisyonèl pou 4èm Faz la Atravè Fon Pwoteksyon Anviwonmantal la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo pral akòde prèske 2.2 milyon dola bay 34 fèm atravè eta a yo nan kad Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan a Chanjman Klimatik la (Climate Resilient Farming Grant Program). Gouvènè a te lanse pwogram lan an 2015 pou ede fèm yo diminye enpak operasyon yo gen sou anviwonman an epi pou yo pi byen prepare yo ak rekipere yo apre evènman move tan ekstrèm yo. Atravè twa faz finansman ki te fèt jiska jodi a yo, eta a te deja bay 5.1 milyon dola pou finanse 40 pwojè ototal, k ap ede prèske 70 fèm.

“Move tan ekstrèm yo ka gen anpil efè negatif sou fèm nou yo, epi avèk tanpèt enprevizib k ap ogmante atravè eta a, finansman sa a enpòtan anpil pou ede agrikiltè New York yo investi nan enfrastrikti prevantatif ak rezistan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Envestisman sa yo pral pèmèt biznis agrikòl nou an yo lite kont chanjman klimatik yo, redwi anprent anviwonmantal operasyon yo, epi sipòte efò nou ap fè pou nou kreye yon Empire State ki pi solid, ak pi dirab.”

Pwojè ki resevwa prim yo ki nan rejyon Mohawk Valley, Finger Lakes, New York Santral, North Country, Rejyon Lwès New York, Southern Tier la yo ap konsantre yo sou rediksyon degajman gaz a efè sèr yo, ak pwomouvwa ekonomi enèji ak sante tèren agrikòl yo. Yo ap ogmante kapasite irigasyon epi mete aksan sou jesyon dlo yo tou pou atenye efè peryòd sechrès yo gen sou danre ak betay yo, ansanm ak peryòd ki gen anpil lapli ak inondasyon yo.

Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo yo (County Soil and Water Conservation Districts), nan non agrikiltè yo, sibvansyon pou youn nan kategori pwojè

sa yo: kouvèti ak evazman estokaj dechè agrikòl, jesyon dlo nan fèm yo, ak sistèm sante tèren agrikòl yo.

### **Mohawk Valley**

- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Fulton a** 74,494 dola pou ede yon fèm nan kad reyalizasyon 18 ekta tèren patiraj preskri ak 2.3 ekta tèren sistèm band riverèn ki pral amelyore sante tèren agrikòl yo ak redwi degajman gaz a efè sèr k ap soti nan fèm yo.
- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Herkimer a** 432,659 dola pou yo travay avèk yon fèm eksplwatasyon letyè pou enstale kouvèti ak evazman estokaj pou fimye yo. Sistèm lan pral redwi degajman metàn ki soti nan estokaj fimye fèm lan nan yon fason konsiderab, atenye preyokipasyon ki gen sou kalite dlo yo - espesyalman pandan evènman gwo lapli yo, epi pwomouvwa ekonomi enèji.
- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Schoharie a** 10,256 dola pou yo travay ak yon fèm kilti legim pou yo itilize metòd foraj dirèk pou plante kilti kouvèti yo. Pwojè sa a pral plante divès espès kilti kouvèti sou 5.66 ekta tèren pou amelyore fiksasyon kabòn epi amelyore rezistans fèm lan pandan peryòd inondasyon ak sechrès yo.

### **Finger Lakes**

- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Monroe a** 149,085 dola pou yo travay ak yon fèm pou enstale yon sistèm band riverèn ak yon sistèm jesyon dlo irigasyon. Sistèm yo pral atenye sibstans nitritif ak debòdman sediman yo epi pèmèt fèm lan estoke ak transpòte dlo jan sa nesèsè an preparasyon pou nenpòt sitiyoasyon sechrès.
- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Ontario a** 119,907 dola pou yo travay ak kat fèm pou plante kilti kouvèti pou amelyore potansyèl fiksasyon kabòn nan tèren agrikòl yo ak amelyore rezistans fèm lan pandan peryòd inondasyon ak sechrès yo.
- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Wayne lan** 281,686 dola pou yo travay ak yon fèm ki gen divès betay pou enstale yon kouvèti ak evazman estokaj pou fimye pou redwi degajman metàn nan estokaj fimye fèm lan yo nan yon fason konsiderab, atenye preyokipasyon ki gen sou kalite dlo yo - espesyalman pandan evènman lapli yo, epi pwomouvwa ekonomi enèji.
- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Genesee a** 156,790 dola pou yo travay ak yon fèm eksplwatasyon letyè yo pou agrandi yon rezèwa estokaj dlo pwòp ki prale nan yon rezèwa irigasyon ki pral ofri plis kapasite lè peryòd sechrès ak inondasyon yo epi enstale yon sistèm irigasyon ki gen yon pivo santral.

## Reiyon Santral

- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Madison lan** 128,600 dola pou yo travay ak yon fèm pou reyalize yon sistèm basen kontwòl dlo ak sediman ki pral prevni ewozyon ak pwoteje Vilaj Chittenango a kont ogmantasyon potansyèl inondasyon akòz debòdman k ap soti nan fèm lan.
- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Onondaga a** 40,760 dola pou yo travay ak yon fèm pou reyalize yon sistèm band riverèn preskri sou 31.56 ekta tèren ki pral amelyore sante tèren agrikòl yo, amelyore fiksasyon kabòn lè yo pwomouvwa kilti plant pandan tout ane a, epi redwi degajman gaz a efè sèr yo.
- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Onondaga a** 180,856 dola pou yo travay ak yon fèm pou reyalize 0.42 ekta tèren imid ki pral pèmèt pou gen plis espas estokaj pou dlo lapli yo. Pwojè a pral ede redwi volim dlo inondasyon yo an aval epi finalman redwi sedimantasyon nan Lak Skaneateles la.

## North Country

- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Essex la** 103,500 dola pou yo travay ak yon fèm pou enstale sistèm band riverèn ak etan pou kapte dlo lapi ak irigasyon an yo. Sistèm yo pral fikse degajman dyoksid kabòn epi redwi debòdman fèm lan ki prale nan Rivyè Boquet la ak Lak Champlain lan.
- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Jefferson lan** 43,696 dola pou yo travay ak yon fèm pou enstale sistèm band riverèn ak kontwòl aksè betay yo. Sistèm yo pral redwi ewozyon bèj ak sedimantasyon, ofri yon sous dlo fyab pou bèt nan patiraj yo, ak amelyore kapasite pou fèm lan reziste kondisyon move tan ekstrèm yo.

## Reiyon Lwès New York

- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Chautauqua a** 85,024 dola pou yo travay ak yon fèm pou plante divès espès kilti kouvèti ki pral amelyore kalite tèren agrikòl yo, redwi ewozyon pandan evènman move tan yo, epi ogmante matyè òganik tèren agrikòl yo.
- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Erie a** 82,268 dola pou yo travay ak senk fèm pou yo plante kilti kouvèti yo. Pwojè sa yo pral amelyore potansyèl fiksasyon kabòn nan tèren agrikòl yo epi amelyore rezistans fèm lan pandan peryòd inondasyon ak sechrès yo.

## Southern Tier

- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Chenango a** 77,255 dola pou yo travay ak sis fèm pou yo plante kilti kouvèti yo. Yo plante kilti

kouvèti yo pou amelyore kalite tèren agrikòl yo, redwi ewozyon, epi pou ogmante kantite matyè òganik tèren agrikòl yo pou amelyore rezistans fèm yo pandan peryòd inondasyon ak sechrès yo epi redwi enpak inondasyon yo an aval.

- **Yo te akòde Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Schuyler a** 205,000 dola pou yo travay ak sèt fèm ki gen ladan fèm eksplwatasyon letyè, ak fèm bovèn/mouton yo, nan twa basen priyorite, pou plante kilti kouvèti yo. Pwojè sa a pral pèmèt pou plante kilti kouvèti pandan prèske tout sezon pwodiksyon an nèt, sa ki pral konsève tèren agrikòl yo, amelyore kapasite pou yo kenbe dlo yo pou ede atenye enpak evènman move tan ekstrèm yo, epi ede pwoteje plizyè sous dlo pòtab piblik.

Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan a Chanjman Klimatik la se yon eleman Fon Pwoteksyon Anviwonmantal Eta a (State's Environmental Protection Fund). Ane sa a, yo te finanse pwogram lan yon lòt fwa ankò nan yon nivo istorik, avèk 300 milyon dola yo dedye nan Bidjè Eta 2018-19 la. Yo te enkli yon katriyèm faz nan Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan a Chanjman Klimatik la nan bidjè a k ap koute 2.5 milyon dola epi yo pral anonse l an otòn k ap vini la a.

**Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare,** “Agrikiltè nou yo ap konfwonte defi deplizanpli nan zafè ki konsène chanjman klimatik nou yo epi ki ap lakoz kondisyon move tan ekstrèm yo. Gras a angajman Gouvènè Cuomo pran pou l konbat chanjman klimatik yo ak pwoteje anviwonman nou an, sibvansyon sa a ap ede agrikiltè nou yo pi byen jere inondasyon ak sechrès grav ke nou te wè pandan ane ki fenk sot pase yo, pandan l ap mentni yon estanda elve pou pwoteksyon anviwonman an”.

**Prezidan Komite Agrikòl Sena a (Senate Agriculture Committee), Patty Ritchie, te deklare,** “Agrikiltè k ap travay di Eta New York la yo konprann siksè ak mwayen sibzistan yo lye ak sante tè yo ak lòt resous natirèl yo. Atravè sibvansyon sa yo, nou ap asire ke agrikiltè yo resevwa sipò yo bezwen pou yo kontinye rete bon pwotektè pou tè yo epi anmenmtan an, sovgade fèm yo ak kominote yo”.

**Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), Bill Magee, te di,** “Li vitalman enpòtan pou agrikiltè nou yo gen zouti yo bezwen pou atenye efè negatif chanjman dekalaj klimatik yo ak kondisyon move tan yo te genyen yo pou tè yo ka rete vyab pou pwodiktè pwodwi alimantè ak pwodwi agrikòl nou tout bezwen ak jwi yo itilize. Angajman sa a pral ede agrikiltè k ap travay di yo rete pwodiktif, pandan l ap ede pwoteje anviwonman an ak ekonomi agrikòl Eta New York la”.

**Manm Komite Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Eta New York la (New York State Soil and Water Conservation Committee), David Brass te deklare,** “Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan a Chanjman Klimatik la itil lè yo ede fèm yo jere evènman move tan ekstrèm yo soti nan gwo lapli rive nan sechrès. Pwogram lan ap pèmèt fèm yo reyalize pwojè yo pou redwi pwodiksyon gas a efè sèr yo, pwomouvwa ekonomi enèji, ak amelyore sante tèren agrikòl yo, sa k ap ede prezève resous natirèl nou yo epi ki ka amelyore pwodiktivite fèm lan yo tou. Eta New York la ak agrikiltè li yo, kontinye rete lidè nan pwoteksyon anviwonman agrikòl la”.

**David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau), te deklare,** “Agrikiltè New York yo gen yon long istwa jesyon anviwonmantal solid, epi sibvansyon yo te anonse jodi a yo pral sipòte efò sa a. Ogmante itilizasyon kilti kouvèti yo, amelyore sante tèren agrikòl yo ak redwi ewozyon se kèk nan avantaj dirab pwojè k ap fèt nan fèm nou yo ap ofri. Se toutafè natirèl y ap rekonèt agrikiltè eta a yo, ke yo souvan konsidere kòm premye ekolojis yo, pou pwoteksyon yo kontinye ap bay tèren yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)